# *Ku Dee Ca Ja Ba, Yaa Tàgge Sa Bopp*

**Aysatu:** Ndey Binta!

**Binta:** Ee ki kan la? Xale bu jigéén bi, Aysa.

**Aysatu:** Li nga sañse, lan la?

**Binta:** Ee bàyyil tooñ. Nàmm naa la.

**Aysatu:** Fi nga fëlle nooy na!

**Binta:** Waaw, gis nga de! Bii laa maye tey! Dafa am fu may dem nii.

**Aysatu:** Ma lay seetsi ngay génn! Yow, xibaar bi ma la indil ngay génn!

**Binta:** Xibaar bi, yég naa ko bu yàgg.

**Aysatu:** Dama bëgg nga fomm dem bi. Soo demee tam it, doyu ma ci!

**Binta:** Dama kay fomm, yaa ko tey. Xam nga ne paa boobu, nu ma ko xaare; nu ma ka yàkkamtee. Damay fomm waay dem bi.

**Aysatu:** Lii, ku ma yeewoon ci samay diggi nelaw, wax ma ko, duma ko gëm.

**Binta:** Kaa ka wax? Man, paa bi, balaa maa dee muy jaay rëy dara, naan ma: "Ee jànq bi, yow li nga sol nii…"  Ndekete yóó, paa bi def na bu ne weŋ!

**Aysatu:** Yow, sa bopp nga xam. Kii fii la mujje!

**Binta:** Xoolal, xam nga li ñuy def?  Kaay ñu dem si biir, ñu àggali ka, ndax lii du waxu mbedd.

© Boston University

**Aysatu:** Du waxu mbedd moos, lii moom…

**Binta:** Nañ dem ...

... Saa boo xéyee, gis ku lay wax!

**Paa Almaa:** Ee, samay doom, samay doom! Ngeen baal ma. Ee, soxna si, baal ma nga ñówe nii. Xam nga tey, dama bëggoon nu waxtaan ci *entre* baay ak ay doomam. Xam nga jamano ji, dañu tollu ci jamano joo xamante ne jamano ju naqaree mucc la. Jamano ju tëradi sax! Ma bëggoon, lu ma bëggal ma njaboot, ma digal leen ka, ndax Olof Njaay da ne naan: "Ka la mag ëpp lay sagar". Ma bëggoon nak, seen coliin gu bon gii ngeen di sol nii, ngeen bàyyi ko. Jigéén da daan toog ci peggi ndeyam. Ma bëggoon nak, ngeen doxale noonu. Loolu daal laa newoon naa leen ko wax.

**Aysatu:** Fii toj na! Man tey rek laa jommi! "Njuuma noo sant, mu ne la wele"!

**Paa Almaa:** Man de, Juuf la ma sant.

**Aysatu:** Ku laata digle sangu, day fekk nga sangu ba set ba pare.

**Paa Almaa:** Aw, dinga ma gis, ne man ... waxi set?

**Binta:** Ee paa! Wax na la dëgg. Gis nga, boo amee looy yeddaate walla looy joxe, nga jox ko sa bopp. Yaa ñu ko gëna soxla.

**Paa Almaa:** Man de, dama leen jàppoon ni may doom rek.

**Binta:** Doomoowuñu ak yow, bul baayoo ak ñun. Yaa ngi dégg? Boo amee looy wax, nga wax ka sa bopp, ndax doo yor sa pollu mbalit sa biir kër, di ñu këpploo suñu siwo. Am nga loo lijjanti sa biir kër.

**Paa Almaa:** Duggal!

**Aysatu:** Ee, gis nga yow, danga wara noppi. Danga waxa-waxa-wax ba may nit ñi lu ñu wax. Yow *instant* yi, poon sax yaa ko gën a siiw. Xamoo loolu? “Ku dee sa marse ba nak, yaa tàgge sa bopp”.

**Paa Almaa:** Man deewuma si marse. Man, ba ma laa waxtaan, tàng gi ma tàng moo tax nit ñi daan wax “mag siiw”.

**Binta:** Paa, xoolal! Fi ñu tollu nii danga jàpp ne yaa ngi dund. *Mais*, fi ñu tollu nii, yow danga dee ba pare. Yow, dee nga ba pare!

**Paa Almaa:** Loolu laa foog.

**Binta:** Loolu lañu foog! Ay waay ji, wax ak yow nak jot na. Paa yow, xam nga li ma bëgg a xam? Loo war a lijjanti? Sa jabar ja nga ray. Loolu nga wara lijjanti.

**Paa Almaa:** Yow li nga wax, noo ko mën a waxe?

**Binta:** Aa, nañ ko mën a waxe?

**Paa Almaa:** Ab jullit nu mu mëna waxe lii moroomu jullitam?

**Binta:** Lu fi xew rek lañu wax!

**Aysatu:** Yow sa jabar, boo ko jamulee paaka, posonewoo ko mu dee, miseerloo nga ka ba mu dee. Yow mi nga xamante ne yaa ëmbal sa doom...

**Binta:** Lijjantil loolu. Ee, ñu dem, bàyyi ko foofu.

**Aysatu:** Na nga dee sax fi nga tëdd foofu. Xawma danga xëm, xawma. Kii maa ko jéppi!